

Ayiti nan Kè M: Yon Selebrasyon Fèt Drapo pou Timoun



ENFÒ ENTERESAN:

- **Gwo Jou a:** Chak ane nan dat **18 Me**, Ayisyen toupatou nan mond lan selebre Fèt Drapo Ayisyen. Se yon fason pou yo rete konekte ak rasin yo, pataje bèl kilti yo, epi montre fyète yo nan istwa yo.
- **Yon Senbòl Libète:** Drapo a te kreye an 1803 pou montre mond lan Ayiti te fini ak règ kolonyal. Se te yon rèl revolisyonè pou fè konnen pèp la te ini e li te pare pou l goumen pou libète li! Se poutèt sa nou selebre Fèt Drapo!
- **L'Union fait la Force:** Deviz Ayiti a vle di menm jan ak yon sèl fil, yon moun ka fèb, men lè nou tise ansanm tankou yon twal solid, nou vin san kase! Sa se inite! Menm jan bann ble ak wouj yo makonnen sou drapo a, Ayisyen rete fò lè yo travay ansanm epi yonn ede lòt.

Kisa ki sou Drapo a?



Pati Drapo a	Sa li Vle Di
Ble ak Wouj	Pèp Ayisyen an ki mete tèt yo ansanm.
	Kanpe dwat pou Endepandans.
	Bonèt libète ki anlè a se yon senbòl Libète.
	Fòs
	Men anpil, chay pa lou



Rankontre Catherine Flon: Ewo ak Zegwi l la!

Istwa Ayiti fè nou konnen **Jeneral Jean-Jacques Dessalines** te kreye premye drapo a lè li te pran yon drapo franse epi li te rache pati blanch lan pou l montre Ayiti te lib, li te ini, epi li pa t yon koloni ankò.

Pou konplete senbòl libète sa a, li te pote moso ble ak wouj yo bay **Catherine Flon**, yon Manman Fondatris Revolisyon an. Li te yon revolisyonè brav ak yon koutiryè ki te koud de moso yo ansanm, pou l te desine premye drapo Ayisyen an nèt. Catherine te yon ewo ki te montre ke menm ti aksyon—tankou koud—ka ede chanje mond lan.

Ewo Ayisyen Jodi a se...



Moun k ap leve vwa yo pou jistis ak souverènte*!



Moun k ap kase silans lan, epi k ap pataje istwa yo!



Moun k ap plante epi k ap pataje manje!

Moun k ap ede lòt moun geri, jwenn plas yo, epi vin lidè!



Moun k ap reflechi epi k ap chanje lide sou pouvwa toupatou nan kominote yo!



Moun k ap anseye jenerasyon k ap vini an!




Moun k ap travay ansanm pou kenbe katye yo an sekirite!

*Souverènte vle di Ayisyen chwazi pwòp lidè ak lwa pa yo san lòt peyi pa antre nan koze yo.

TRAVAY MEN: Fè Pwòp Drapo Pa Ou!


SA OU BEZWEN:



- Kreyon koulè, makè, oswa kreyon penti
- Sizo timoun/sekirite
- Tep (oswa kòl)
- Yon ti bwa (yon baton krèm, yon pay, oswa menm yon kreyon)

ENSTRIKSYON:

1. Kolore rektang anlè a an **BLE**.
2. Kolore rektang anba a an **WOJ**.
3. Apre sa, kolore pye palmis la an **VÈ** epi kanon yo an **JÒN**.
4. Koupe drapo a swiv liy tirè yo.
5. Vire drapo w la sou do epi tache ti bwa w la sou bò gòch la.
6. Souke drapo w la epi di, "**Bèl Drapo Mwen!**"



ESKANE M



IM NASYONAL AYITI a rele **La Dessalinienne**, (yo rele l konsa dapre Jean-Jacques Dessalines, menm lidè ki te ede kreye drapo a). Se yon chante libète!

Eskane kòd la pou w tande im nan epi souke drapo w la nan kadans lan.

Lèt Fason pou Selebre lakay ou:

GOUTE: Fè manje epi jwi yon repa Ayisyen ansanm.

DANSE: Mete mizik konpa oswa rara Ayisyen pou fè yon ti danse an fanmi!

PATAJE: Sèvi ak nouvo drapo w la pou w rakonte yon zanmi jan w fyè.

